



Pou Piblikasyon Imedya: 9/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU DEKLARE NOUVÈL ANE LALIN NAN YON JOU KONJE NAN LEKÒL

Lejislasyon (A.7768/S.7573) la egzije tout lekòl piblik yo fèmen pou nouvell ane lalin azyatik la

Foto siyati pwojè lwa a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a, lejislasyon pou deklare Nouvell Ane Lalin Azyatik la yon konje nan lekòl piblik atravè Eta New York. Lejislasyon (A.7768/S.7573) ta asire ke lekòl piblik yo an faz avèk Nouvell Ane Lalin nan, ki souliyen angajman Gouvènè Hochul pou sipòte epi pwoteje kominote AAPI New York la.

“Lè nou deziyen Nouvell Lin New Year la antanke yon konje ofisyèl, n ap franchi yon etap enpòtan pou rekonèt enpòtans kominote AAPI New York la ak richès divèsite ki fè New York tèlman jenyal,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Se pa sèlman yon lòt jounen san lekòl – se yon opòtinite pou timoun nou yo aprann epi selebre pwòp diferans kilti ak tradisyon yo.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, “Lè nou fè Nouvell Ane Lalin nan yon konje pou lekòl piblik New York yo se yon rezilta dirèk de travay di Majorite Asanble a ak manm ki devwe nan Gwoup Travay sou Azi Pasifik nou an. Eta New York divèsifye nan fason mayifik, avèk moun ki soti nan gwoup etnik, relijye ak kiltirèl ki diferan, k ap viv, travay epi elve timoun ansanm. Konje Nouvell Ane Lalin nan ap bay plizyè milye elèv Azyatik nan eta nou an kapasite pou reyini ansanm epi selebre ak fanmi ak zanmi yo san yo pa bezwen sakrifye edikasyon yo. Mwen espere sa ap fè limyè tou sou kilti ak tradisyon zanmi ak vwazen Azyatik nou yo, epi nan yon moman kote nou te obsève lahèn ak vyolans kont kominote Azyatik yo, sa ap louvri zye moun, ankouraje tolerans ak akseptasyon. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa.”

Lejislasyon (A.7768/S.7573) amande lwa sou edikasyon an pou deklare Nouvell Ane Lalin Azyatik la yon konje nan lekòl piblik nan tout eta a. Lejislasyon an egzije tout lekòl piblik yo fèmen pou konje Nouvell Ane Lalin nan.

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Istwa New York pa t ka ekri san anpil ak divès kontribisyon Nouyòkè Azyatik yo. Jiska prezan nan anpil lekòl nan ttout eta a, fanmi Azyatik ak elèv yo dwe chwazi ant ale lekòl ak selebre fèt ki pi enpòtan nan kominote yo. Epi yo refize anpil Nouyòkè opòtinite pou selebre eritaj divèsifye eta nou an. Alò, mwen fyè anpil ke apati de jodi a, nou rekonèt ofisyèlman Nouvèl Ane Lalin nan kòm yon jou konje. Mwen remèsye anpil moun, fanmi ak òganizasyon Azyatik ki te defann pwojè lwa sa, delegasyon kòlèg travay Azyatik solid k ap grandi nan lejislati Eta a pou lidèchip, oryantasyon, ak sipò yo — espesyalman Manm Asanble Grace Lee ak Senatè John Liu ak Iwen Chu — ki pwopoze pwojè lwa a nan Asanble a, Bill Colton, pou gwo travay li pou adopte pwojè lwa a nan Asanble a, ak Gouvènè Kathy Hochul dèske li ratifye li an lwa jodi a."

Manm Asanble William Colton te deklare, "Azyatik Ameriken yo te jwe yon wòl vital pou fasone eta ak peyi nou an pandan y ap kontinye goumen san rete pou simonte anpil obstak diskriminasyon ak difikilte. Lè nou fè Nouvèl Ane Lalin Azyatik la yon jou konje nan eta a, sa ap benefisye pa sèlman Azyatik Ameriken yo, men l ap fè pwomosyon yon mesaj lespwa pou tout gwoup yo reyalize Rèv Ameriken yo. Lejislasyon istorik sa pa ta ka rive posib san lidèchip Gouvènè a, Lidè lejislatif la ak sipò Manm Asanble Grace Lee, ki se asosye ki pwopoze pwojè lwa a ak anpil nan kòlèg travay mwen yo."

Manm Asanble Grace Lee, Prezidan Asosye Gwoup Travay sou Azi Pasifik la (Asian Pacific American, APA) te deklare, "Se yon onè pou mwen dirije efò istorik sa pou rekonèt Nouvèl Ane Lalin nan antanke yon jou konje nan tout eta New York. Antanke Azyatik Ameriken, nou te pase inapèsi epi yo pa t tande nou nan New York pandan twò lontan, epi pwojè lwa sa se rekonesans pou kontribisyon nou nan listwa New York, ak validasyon ke vwa nou ak istwa nou konte. Kounye a, m ap kapab rejwenn plizyè milye fanmi nan eta a pou selebre Nouvèl Ane Lalin nan lakay mwen ak pitit mwen. Lwa sa ekspoze nouvèl jenerasyon yo ak kilti Azyatik la, epi l ap fè pwomosyon divèsite ak enklizyon nan yon moman kote Nouyòkè Azyatik yo ap soufri de lahèn anti Azyatik la. Lè nou fè New York premye eta nan peyi a pou òdone fèmti lekòl nan tout eta a pou obsève Nouvèl Ane Lalin nan, n ap trase yon egzanp presye pou lòt eta yo swiv. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Manm asanble Carl Heastie, Lidè majoritè Andrea Stewart-Cousins, ak tout kòlèg travay mwen yo ki te sipòte efò sa pou sekirize reyalizasyon istorik pou kominote AAPI New York la."

Gouvènè Hochul te rete angaje pou sipòte, pwoteje, epi selebre kominote AAPI New York la. Nan bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te alwe 30 milyon dola prim pou òganizasyon kominotè nan Federasyon Azyatik Ameriken an ak Kowalisyon pou Timoun ak Fanmi Azyatik Ameriken yo – ki se pi gwo envestisman pou sipòte kominote AAPI yo nan tout eta a. Finansman sa ale nan yon seri òganizasyon kominotè ki pi divèsifye toujou k ap bay sèvis ki adapte sou plan kiltirèl ak sou plan lengwistik, epi tou ki abòde vyolans sistemik, rasis, ak diskriminasyon ke kominote AAPI a fè fas ak li.

Senatè Eta John Liu te deklare, "Nouvèl Ane Lalin nan se moman ki pi enpòtan nan ane a pou Azyatik Ameriken yo, epi antanke kominote k ap grandi pi rapidman nan peyi

a, nou bezwen asire nou ke eritaj nou, kilti ak tradisyon nou trete ak menm respè ak reverans ke nenpòt lòt fèt Ameriken. Deklare Nouvèl Ane Lalin nan yon jou konje Eta a se yon etap enpòtan pou rekonèt epi valide Azyatik Ameriken yo pa sèlman isit la nan Eta New York, men nan tout peyi a. Anpil remèsiman pou Gouvènè Hochul, dèske li fè ratifikasyon lejislasyon sa yon priyorite."

Senatè Eta Iwen Chu te deklare, "Jodi a, Eta New York ap fè Nouvèl Ane Lalin nan yon jou konje piblik, yon efò k ap fèt depi lontan pou enklizyon Nouyòkè Azyatik yo. Kounye a fanmi yo pa oblije chwazi ant edikasyon yo ak selebrasyon eritaj kiltirèl yo. Aksyon sa rekonèt kontribisyon kominote AAPI a nan tapi divèsifye gran eta nou an epi pote plis konesans, pou konbat lahèn ke Nouyòkè AAPI yo fè fas. Mwen fyè dèske mwen te bay lejislasyon sa sipò ki solid mwen epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majoritè Sena a Andrea Stewart-Cousins, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie dèske yo te fè sa yon priyorite nan sesyon lejislatif sa."

Manm Asanble Edward Braunstein te deklare, "Lè nou tabli Nouvèl Ane Lalin nan antanke yon konje piblik nan tout eta a nan New York, sa se yon reyalizasyon istorik, epi mwen fyè pou sipòte efò sa nan Asanble a. Yon konje nan tout lekòl eta a ap pèmèt sila ki obsève fèt sa selebre ak fanmi yo, epi bay tout Nouyòkè opòtinite pou aprann de kilti ak enpòtans istorik Nouvèl Ane Lalin nan. Mwen selebre moman istorik sa epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li ratifye pwojè sa an lwa."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Sa te mande plizyè jenerasyon lejislatè pou finalman fè Nouvèl Ane Lalin nan yon fèt ke yo rekonèt nan tout eta a epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li rekonèt Azyatik Ameriken yo nan yon fason ki enpòtan. Soti nan ansyen manm Jimmy Meng, Ellen Young, ak Grace Meng rive nan nouvo manm tankou prezidan asosye Gwoup Travay APA a Grace Lee ki fè lejislasyon sa yon premye priyorite, mwen rekonesan pou tout kontribisyon yo. Finalman, mwen vle remèsye Prezidan Carl Heastie pou lidèchip ak konsèy li pou selebre Azyatik Ameriken yo nan Eta New York."

Manm Asanble Jenifer Rajkumar te deklare, "Antanke premye fanm Azi Disid ki te janm eli nan Fonksyon Eta New York, mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li ratifye pwojè lwa istorik sa ki rekonèt richès divèsite Eta nou an ak kominote AAPI li a. Plis pase 1 milyon Nouyòkè atravè Eta a selebre Nouvèl Ane Linè a, epi jodi a nou di yo tout nou wè nou epi nou rekonèt nou. Mwen te fyè pou ede dirije pwojè lwa istorik sa pou yo adopte li. Jodi a, n ap fè sistèm edikasyon nou an travay pou tout kominote divèsifye nan Eta nou an. Nan yon epòk kote lahèmn kont kominote AAPI a ap ogmante nan tout peyi a, New York se yon flanbo respè, tolerans, ak lanmou pou moun tout fwa ak antesedan."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare, "Nouvèl Ane Lalin nan se yon fèt ki enpòtan pou anpil kilti ke vwazen nou yo pratike epi reprezante atravè Vil New York ak Eta a. Avèk ratifikasyon pwojè lwa sa an lwa, nou ka kontinye valide ke Nouyòkè yo ta dwe selebre tout kilti ki enkli timoun lekòl nou yo. Mèsi a pwomotè ak defansè

prensipal yo ki reyalize sa.”

Manm Asanble, Marcela Mitaynes, te deklare, "Rasin kiltirèl ki vivan se sa ki fè Brooklyn se fwaye pou tèlman anpill kominote. Si nou chwazi pa onore kilti sa yo nan gouvènman eta nou an, nou riske pèdi dinamis ki gen anpil valè sa. Lakay mwen nan Sunset Park se fanmi imigran ki fè l, ki te goumen pou yon meyè avni, tankou pwòp fanmi mwen ak anpil moun ki abite epi travay nan Chinatown. Se yon onè pou bay sipò pou elèv sa yo ki selebre Nouvèl Ane Lalin nan epi pou montre konbyen nou bay fèt sa valè. Elèv yo pa ta dwe janm dwe chwazi ant kilti yo oswa edikasyon yo, paske lè ou aprann de kilti, sa bay youn nan pi bon edikasyon ki genyen. Mwen kontan pou wè Nouvèl Ane Lalin nan vin yon konje nan lekòl epi mwen konnen ke anpil fanmi nan distri mwen an ap selebre chanjman sa."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418